



**RÉSEAU NATIONAL DE DÉFENSE DES DROITS HUMAINS (RNDDH)**  
**REZO NASYONAL POU DEFANN DWA MOUN**  
**NATIONAL HUMAN RIGHTS DEFENSE NETWORK**

Membre de la  
**fidh**

## **NEWS RELEASE**

### **Nòt pou Laprès**

**CONTACTER** : **Rosy AUGUSTE DUCENA**  
**PHONE** : (509)2940-1222 / 3755-9591 / 3463-4192  
**Cell** : (509) 3782-2897

---

#### **Revandikasyon pou yon pase men nan salè minimòm nan: RNDDH kore klas ouvriye yo epi kondane move konpòtman lapolis**

---

1. Rezo Nasyonal kap Defann Dwa Moun (RNDDH) pran pozisyon pou kanpe bò kote travayè fanm kou gason pou fòse Leta aksepte *mil senk san* (1500) goud pou salè minimòm nan epi tou, kondane move konpòtman polisye yo nan mouvman klas ouvriye yo.
2. Depi kèk jou, travayè yo (fanm/ gason) tanmen yon seri mouvman pou fòse Leta pase men nan salè minimòm nan pou yo ka touche *mil senk san* (1500) goud pou yon jounen travay. Nan sans sa, jou ki te 9 ak 10 fevriye, 16 ak 17 fevriye 2022 a, ouvriye fanm kou gason nan SONAPI te pran lari pou fè Leta tande revandikasyon yo. Malerezman, lapolis te kanpe an kwa, yo bay anpil gaz lakrimojèn, yo maspinen anpil manifestan. Dayè, nan yon videyo ki t ap sikile sou rezo sosyal yo, nou wè kijan lapolis tap souflele youn nan manifestan yo.
3. *Kenz* (15) moun pou pi piti viktim anba zak briganday lapolis men nou te rive pale ak sèlman *douz* (12) ladan yo. Anpil nan yo te dekonpoze akòz gaz lakrimojèn nan, pami yo yon fanm ansent ki gen *sis* (6) mwa. Gen lòt se pandan y ap kouri, yo tonbe epi yo blese. Pifò ladan yo te al pran swen nan lopital OFATMA.
4. RNDDH ap raple otorite yo se yon dwa ouvriye yo (fanm/ gason) genyen pou yo manifeste san vyolans pou mande pi bon kondisyon travay, sitou ak salè tibèkiloz yo genyen depi *twa* (3) zan. Lavi a vin pi chè chak jou, pri tout kous machin monte, pri manje monte, kidonk salè minimòm *senk san* (500) goud, depi 2019 la pa sifi pou travayè (fanm/ gason) yo kontinye viv ak fanmi yo.
5. Daprè lwa 6 oktòb 2009 la, *Konsèy Siperyè Salè* yo (CSS nan lang franse) dwe pase men nan salè minimòm nan chak fwa gen posiblite, chak ane ouswa *twa* (3) mwa anvan ane fiskal la fini epi bay *Ministè Afè Sosyal ak Travay* rapò. Poutan, chak fwa pou yo mete yon grapday sou salè minimòm nan se toujou nan gwo batay, kote ouvriye yo (fanm/ gason) oblije pran lari.

6. Konsa, apre plizyè rankont ak plizyè konsène tankou Premye Minis de fakto a ak sektè patwon yo, anpil desizyon te pran : PM Ariel te pwomèt pou mete *senk san* (500) goud nan yon premye moman. Apre rankont ak patwon yo, yo deside se *de san* (200) goud y ap ka mete sou kòb la. Alafen, nan yon konsèy minis, yo deside rete nan *san katreven senk* (185) goud. Kidonk, *sis san katreven senk* (685) goud pou salè minimòm nan epi pwomèt yo kèk avantaj pandan yo swete ogmante salè a nan mwa septanm 2022 a.

7. Nan sans sa, RNDDH mande CSS la pou l sispann aji nan enterè patwon yo men pito pèmèt ouvriye yo (fanm/ gason) jwenn yon salè ki ka ede yo fè fas ak lavi chè a epi pran swen tèt yo ak fanmi yo san grate tèt. Pou fini, òganizasyon k'ap Defann Dwa Moun yo mande pou otorite ki konsène yo pase lapolis lòd pou sispann zak maspinay yo epi pou enspeksyon jeneral lapolis la pini tout polisye ki koupab nan zak sila.

Pòtoprens, 21 fevriye 2022